

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Rumusan masalah anu dijawab dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan kaayaan ajén budaya masarakat Kecamatan Cianjur, Kabupatén Cianjur nu nyampak dina tradisi kuda kosong, sajarah tradisi kuda kosong, runtuyan sarta prak-prakana tradisi kuda kosong, analisis unsur sémiotik anu aya dina tradisi kuda kosong nurutkeun ulikan sémiotik Charles Sanders Peirce, larapna hasil panalungtikan ngeunaan tradisi kuda kosong pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif kualitatif. Métode ieu mangrupa métode panalungtikan anu dipedar ku cara di déskripsikeun dina wangun narasi sarta data hasil panalungtikanana lain dina wangun itungan. Téknik ngumpulkeun jeung ngolah datana nya éta ngagunakeun téhnik studi pustaka, observasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Anapon instrumén panalungtikan anu digunakeunana nya éta pedoman wawancara, catetan lapangan, *handphone*, jeung kaméra.

Masarakat di Kabupatén Cianjur bisa disebut masarakat anu euyeub ku kabudayaan. Hal éta bisa katitén tina ajén-ajén budaya anu aya di masarakat nya éta dina: (a) tradisi kuda kosong nu ngawengku ajén réligius saperti ngadu'a ka nu kawasa saacan minton. Saacan minton, anu jadi kokolot atawa pupuhu dina helaran Tradisi Kuda Kosong mapatkeun du'a, sanduk-sanduk papalaku ka nu Kawasa, da sakabéh anu kumelendang di ieu alam dunya pasti aya nu ngagaduhan; (b) sistem sosial jeung organisasi kamasarakatan salah sahijina bisa ditingali tina sistem kekerabatan jeung pamaréntahanana; (c) tradisi kuda kosong euyeub ku ajén pangaweruh hususna ajén atikan nu bisa diimeutan, éta hal bisa katitén dina sajarah jeung prak-prakanana; (d) ajén basa nyampak dina sajarah tradisi kuda kosong, nalika dalem Aria Kidul ngintunkeun *serat kalih* ka Raja Mataram, Raja Amangkurat pikeun politik diplomatis sangkan karajaan Mataram teu ngagempur nagri Cianjur; (e) ajén kasenian nu bisa diimeutan diantarana nya éta pakéan para pamaén nu kalibet dina helaran Tradisi Kuda Kosong, rarangkén

kuda, payung agung nu euyeub ku ajén jeung ma'na; (f) pakasaban hirupna anu leuwih nyoko kana tatanén; (g) sistem téhnologi jeung papakas hirupna masih kénéh tradisional, sabab disaluyukeun jeung jaman harita. Dina perkara pakéan, para pamaén ngagunakeun pakéan tradisional (upamana pangsi hideung, pangsi bodas, iket, samping).

Tradisi kuda kosong, tadina mangrupa tradisi anu dilaksanakeun dina acara gedé islam contona waé nalika muludan, rajaban, jeung poé-poé kaislaman séjénna, dikokolakeun ku DISBUDPAR Kabupatén Cianjur (pihak pendopo kadaleman Cianjur) tapi kiwari dikokolakeun ku Lembaga Kabudayaan Cianjur . Kiwari tradisi kuda kosong dipintonkeun nalika miéling kamerdékaan bangsa Indonesia, nya éta dina acara 17 Agustus. Masarakatna museurkeun ieu tradisi kuda kosong, pikeun ménta kasalametan ka Pangéran, sarta salaku wujud rasa sukur lantaran geus dipaparin mangrupa-rupa ni'mat ku Mantenna. Dina prak-prakana, tradisi kuda kosong kabagi jadi tilu tahap, nya éta: tahap tatahar, prak-prakanana, jeung sabada upacara. Dina tahap tatahar, biasana sok diayakeun musawarah pikeun nangtukeun kapanitiaan, biaya, jeung waktu diayakeuna tradisi kuda kosong, sarta pikeun nyiapkeun sagala rupa kaperluan anu diperlukeun dina prak-prakan éta tradisi kuda kosong. Ari prak-prakana éta tradisi sok dilaksanakeun kucara ngariung sukuran bari ngukus anu seungit-seungit (menyan), ngintunkeun hadiah ka Kanjeng Nabi Muhammad SAW jeung para sohabatna, maca solawat jeung du'a babarengan, sanggeus kitu isukna saméméh prungna acara kuda dimandian heula ku cai kahuripan ti dinya tuluy diayakeun helaran tradisi kuda kosong nya éta aleut-aleutan sakuriling kota Cianjur.

Ulikan ngeunaan unsur sémiotik anu digunakeun luyu jeung tiori sémiotik Charles Sanders Peirce anu ngawengku ikon, indeks, jeung simbol. Hasil analisis ngeunaan unsur sémiotik, nya éta: 1 ikon, 3 indeks, jeung 16 simbol. Ikon nu kapanggih bisa katitén dina logo kuda kosong. Indeks anu kapanggih bisa katitén dina tradisi kuda kosongna, seungitna menyan, jeung sora nu ngadu'a. Simbol anu kapanggih bisa katitén dina parukuyan, menyan, cai kahuripan, kuda, keris, tangkal samparantu, amparan héjo, tumbak, upeti, payung agung, gondéwa, pangsi hideung, pangsi bodas, samping, iket, jeung jubah atawa pakéan warna héjo. Dina tradisi kuda kosong euyeub ku siloka jeung ma'na anu ngawujud dina wangun

ajén-inajén. Éta ma'na anu nyampak bisa dijadikeun dadasar ku masarakat jeung pamingpin Cianjur kahareupna dina ngalakonan kahirupan sapopoé. Sangkan éta ma'na anu nyampak dipikanyaho ku nonoman atawa rumaja kiwari. Ku kituna, ieu hasil panalungtikan dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII

## 5.2 Rékoméndasi

Sanggeus ditalungtik, réa pisan mangpaat ngeunaan tradisi kuda kosong hususna pikeun panalungtik. Dipiharep éta hasil panalungtikan bisa nambahan pangaweruh pikeun anu maca. Rékoméndasi anu baris ditepikeun, nya éta pikeun Disbudpar Kabupatén Cianjur ,para pamingpin, jeung masarakat Cianjur, murid, mahasiswa jeung guru, sarta masarakat umum.

1. Disbudpar Kabupatén Cianjur , para pamingpin Cianjur jeung Masarakat Cianjur

Disbudpar Kabupatén Cianjur, para pamingpin, jeung masarakat Cianjur hususna, kudu bisa ngariksa jeung ngamumulé tradisi anu aya di masarakatna, sangkan éta tradisi teu tumpur kalindih ku jaman. Dipiharep masarakat katut para pamingpinna bisa ngalarapkeun ajén-inajén anu nyampak dina éta tradisi pikeun kahirupan sapopoéna.

2. Murid, Mahasiswa, jeung Guru

Dina ieu hasil panalungtikan loba hal-hal anu kudu diguar. Ku kituna, dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran di sakola-sakola. Guru kudu bisa ngarojong ka murid-muridna sangkan miboga karep jeung sikep reueus kana tradisi-tradisi anu aya, diantarana ku cara ngawanohkeun éta tradisi ngaliwatan pangajaran-pangajaran formal.

Panalungtik sadar yén ieu panalungtikan can sampurna, réa kénéh hal anu bisa diulik dina ieu tradisi. Kukituna, ka para mahasiswa jeung saha waé anu boga karep nalungtik ieu tradisi, dipiharep bisa ngaguar deui ieu tradisi ngajadikeun ieu hasil panalungtikan pikeun bahan pangdeudeul panalungtikan kahareupna.